bu sa làmmiñ deñ di tooy ci tudd Yàlla

Jële nañu ci Abdullah ibn Busrin yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: jenn waay dafa wax ne: yaw Yonnente Yàlla bi tërëliini lislaam yi dafa bari ci man, xibaar ma lol dinaa ci jàpp, mu ne ko: «bu sa làmmiñ deñ di tooy ci tudd Yàlla».

[Wér na] [At-tirmisiy soloo na ko, ak Ibnu Maaja, ak Ahmat]

Jenn waay dafa jàmbat Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ci ne naafila yi dafa bari ci moom ba tax mu lott ci ngir néew kàttanam, mu laaj Yonnente bi ngir mu tegtal ko jëf ju néew juy indi yool yu bari ngir mu jàpp ci. Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc tektal ko ci muy Sax di tooyal làmmiñam ci tudd Yàlla ci bépp jamono ak ci gépp anam; ci sàbbaal ak sant ak jéggalu ak ñaan ak yu ko niru.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/4716